

## 1) Urang sadaya pendosa

*Rum 3:23 Lantaran kabehanana oge, geus nyieun dosa, jauh mengpar tina kamulyaan Allah*

## 2) Pamayaran urang keur dosa teh pati

*Rum 6:23 Sabab upahna dosa teh, Maot; sabalikna, berkahna sih kurnia mah, hirup langgeng jeung Isa Al Masih, Gusti Jungjunan urang.*

## 3) Urang sadaya pantes lebet ka naraka nurutken ka kitab suci

*Wahyu 21:8 Sabalikna, anu lemah imanna, anu henteu satia, anu masiat, nu maehan, anu rucah, tukang sihir, nu nyembah ka brahala, jeung tukang bohong ganjaranana teh, nya eta lautan seuneu walirang; tah eta, Paeh kadua teh.”*

## 4) Aya harepan ngaliwatan getih Yesus Kristus

*Rum 5:8 Ari Allah mah, ti alam urang hirup dina kadorakaan keneh oge geus ngabuktikeun asih-Na, nya eta nepi ka Al Masih kudu pupus pikeun urang.*

## 5) Nempatkeun iman ka Yesus Kristus

*CARLOS PADAMELAN 16:30-31 Sanggeus eta, Paulus jeung Silas diajak kaluar. “Juragan,” cek eta kapala panjara, “kumaha ieu abdi teh malar salamet?”Walonna, “Kudu percaya ka Isa Al Masih, Gusti Jungjunan simkuring, saanak bojo tangtu salamet.”*

*Yahya 3:18 Saha bae anu percaya ka Anjeunna, moal dihukum; anu baris dihukum teh, anu embung percaya sabab henteu ngandel ka nu ngaran Putra Tunggal Allah tea.*

*Yahya 3:16 Sabab dunya teh, pohara nya diasihna ku Allah; nepi ka Putra Tunggal-Na oge dipasrahkeun, supaya sing saha anu percaya ka Anjeunna ulah nepi ka binasa; tapi sabalikna, bisa tinemu jeung hirup abadi.*

*1 TESALONIKAI 1:9 Aranjeun teh, diparuji ku sarerea tina hal panarimaan ka simkuring sapara kanca, bareto; kitu dewi hal aranjeun geus ninggalkeun brahala-brahala sarta malik ngabakti ka sayaktining Allah Anu jumeneng*

## 6) Ieu hadiah nu langgeng ti Gusti.

*EPESUS 2:8-9 Aranjeun bisa salamet soteh, nya ku sabab iman. Eta teh, ngan ku lantaran sih kurnia-Na bae; lain beunang sorangan, tapi estu anugrah ti Allah!Lain beunang ihtiar aranjeun sorangan! Ulah pisan aya anu boga angkeuhan kitu!*

## 7) Ayeuna anjeun apal kumaha angkat ka sawarga

*1 YAHYA 5:13 Dina ieu surat simkuring rek nerangkeun, yen eta hirup langgeng teh ku dulur-dulur geus beunang, lantaran dulur-dulur percaya ka Putra Allah.*

# Pidua ka Gusti keur Kasalametan Anjen dina nami Yesus

*Rum 10:10 Kapan percaya teh ku hate, ngalantarankeun urang diangken bener. Ari ngaku teh ku biwir, anu ngalantarankeun urang disalametkeun.*